# MUSOMOBIL

*GID POU ITILIZE MUSOMOBIL*

***MODIL 3 - Adapte musomobil a mityèl pa w la***

Ou fin anrejistre mityèl ou a sou musomobil, kounye a ou vle kòmanse antre enfòmasyon ki nan kaye w yo sou li. Men anvan ou fè sa ou dwe kofigire Musomobil pou li ka adapte ak mòd fonksyonman pwòp mityèl pa w la. Modil sa ap pèmèt ou adapte platfòm musomobil la pou mityèl pa w la menm.

Pa examp, chak mityèl gen montan kotizasyon pou kès vèt ak kès wouj pa yo, fòk ou di platfòm lan ki montant kotizasyon kèv vèt ou ak kès wouj ou. Fòk ou di l tou chak kilè mityèl la fè rankont ? Ki deviz mityèl la itilize, ki  lang yo itilize nan mityè la, pou nou fè sa nou w ap klike sou meni MUSO epi sou sou-meni Konfigirasyon .



## Wap tombe sou paj sa – Paj Konfigirasyon mityèl la




Nan sou-meni konfigirasyon an gen plizyè pati : *Idantifikasyon, Profil, Konfigirasyon, Modifye modpas, adrès, Pèmisyon, Kès, Règleman.*

### - Idantifikasyon

Pati idantifikasyon an pèmèt ou wè oubyen modifye enfòsyon de baz mityèl la tankou : Nom Mityèl la, Reprezantan Mityèl la, telefòn, dat kreyasyon, peyi ak nan ki rezo mityèl la fè pati.

Pou modifye enfòmasyon sa yo ou jis klike sou bouton **modifye** a ki anba a epi w ap chanje nenpòt enfòmasyon ou vle epi w ap klike sou bouton **Anrejistre** a.



***- Profil***

Pati pwofil la pèmèt ou rantre kek enfòmasyon sou mityè l pa w la, tankou **Prezantasyon** mityèl la, **Vizyon**, **Misyon** ak **Valè** mityèl la.




- **Konfigirasyon**

Nan pati konfigirasyon an se la ou ap mete enfòmasyon de baz pou fonksyonman mityèl la sou Musomobil. Tankou Deviz (Goud, Dola, etc …).

Entèval rankont pou mityèl la (Chak mwa, chak semèn, Chak jou etc…).

Li pèmèt ou konfigire ki montan mityèl la pran nan chak rankont nan men manm yo pou kès vèt ak kès wouj. Epi mete nan ki lang mityè la tan renmen ke musombil la afiche.



- **Modifye Modpas**

Pati Modifye modpas la, pèmèt ou jis chanje modpas ou itilize pou w antre sou dashbòd mityèl la sou musomobil.




- **Adrès**

Pati adrès la jis pèmèt ke nou mete kibò mityèl la sitiye. Ou ka klike sou bouton chanje a pou nou modifye enfòmasyon sou lokalizasyon mityèl la.




- **Pèmisyon**

Pèmisyon se yon pati ki pèmèt ou ajoute yon lòt moun sou platfòm lan pou ka valide kek chanjman ak tranzaksyon nan mityèl la. Lè sa moun mityèl la chwazi a ap gen yon modpas ke sèl li menm konnen.



- **Kès**

Pati kès la se kote ou ka ***inisyalize kès wouj, kès vèt ak kès ble ou***. Nou konseye w toujou inisyalize yo a zero (0). Nan ka n ap bezwen inisyalize kès yo ak lòt montan n ap di w, men anatanda mete tout a zero pou kòmanse.




- **Règleman**

Pati règleman an se la pou nou ajoute tout règleman mityèl pa w la.

